**Pou Piblikasyon Imedya:** 28/06/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

**PANDAN MWA FYÈTE A, GOUVÈNÈ HOCHUL REYAFIME ANGAJMAN POU SIPÒTE KOMINOTE LGBTQ+ NOUYÒK LA**

***Gouvènè Hochul ap mache ansanm ak Nouyòkè yo nan Defile Fyète Vil Nouyòk la pou sipòte kominote dinamik LGBTQ+ nan Eta a***

***Eta a angaje 1.8 milyon dola pou Sèvis Konsèy Espesyalize nan Ka Kris pou Jèn LGBTQ+***

***Anonse 500,000 dola pou devlope yon liy dirèk legal ak yon sit entènèt resous pou LGBTQ+ nan tout eta a***

***Elaji Fon Byennèt ak Ekite Transeksyèl ak Non-Binè Lorena Borjas la pou plis pase 16 milyon dola, sa ki fè kalite fon sa a vin pi gwo fon nan peyi a***

***Ouvri apèl pou pwopozisyon atelye pou konvansyon LGBTQIA+ 2026 la***

***Moniman yo pral limen atravè Eta Nouyòk pou selebre Mwa Fyète a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse plizyè inisyativ elaji ki fèt pou ogmante sipò pou Nouyòkè LGBTQ+ yo, tankou envestisman adisyonèl pou sipòte jèn LGBTQ+ yo ak kominote transeksyèl, moun ki pa binè, ak moun ki pa konfòme ak sèks yo (TGNCNB). Bidjè ane sa a ki te vote a gen ladan l yon envestisman 1.8 milyon dola pou bay jèn LGBTQ+ yo konsèy espesyalize an ka kriz epi fòme konseye kriz 988 lokal yo sou enkyetid jèn LGBTQ+ yo, pou asire aksè a sèvis ki ka sove lavi apre administrasyon Trump lan te koupe finansman pwogram Sèvis Espesyalize pou Jèn LGBTQ+ ki sou Liy Asistans pou Swisid ak Kriz la.

"Nouyòk se kote mouvman LGBTQ+ la te fèt, e mwen pa t ka pi fyè de sa", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè gen atak sou dwa LGBTQ+ toupatou nan Etazini, Nouyòk p ap chita bwa kwaze. Nou pral toujou kanpe men nan men ak kominote LGBTQ+ nou an epi kontinye batay nou pou egalite paske santi w an sekirite se yon dwa moun. Nou defann dwa sa yo jodi a, epi nou pral toujou kontinye goumen pou dwa sa yo alavni."

Apre sipò sa a, bidjè ki te vote a te gen ladan l tou 500,000 dola pou devlope yon liy dirèk legal LGBTQ+ ak yon sit entènèt resous nan tout eta a pou bay konsèy legal gratis

ak resous kominotè pou Nouyòkè LGBTQ+ ki se sib atak legal ak politik nan men administrasyon federal aktyèl la.

Pou adrese plis bezwen Nouyòkè transeksyèl yo, ak moun ki pa konfòm ak sèks yo, ak moun ki pa binè yo, finansman pou Fon Byennèt ak Ekite pou Moun Transeksyèl ak Moun ki Pa Binè Lorena Borjas la ogmante ak yon demi milyon dola, sa ki pote total fon an a plis pase 16 milyon dola, sa ki fè li vin pi gwo fon nan kalite sa a nan tout peyi a.

Nouyòk chita sou yon fondasyon solid ki baze sou istwa ak aktivis LGBTQ+ la, fas ak efò gouvènman federal la ap fè pou kraze plizyè ane pwogrè ak defans dwa sivil yo. Nan kòmansman ane sa a, lè gouvènman federal la te eseye vize epi efase listwa sa a lè yo te retire Drapo Fyète a nan Pak Nasyonal Stonewall la, Gouvènè Hochul te goumen avèk siksè epi li te anplifye listwa Soulèvman Stonewall la.

Antanke yon lidè nasyonal nan defans dwa LGBTQ+ yo, Gouvènè Hochul kontinye asire Nouyòk rete yon kote ki an sekirite ak enklizif pou Nouyòkè LGBTQ+ yo. Depi li te antre an fonksyon, Gouvènè a te defann lejislasyon ki fè Nouyòk tounen yon refij ki an sekirite pou jèn LGBTQ+ yo epi li te siyen Lwa Pwoteksyon 2.0 (Shield Law 2.0) a pou bay plis pwoteksyon.

Pou elaji travay sa a, Biwo Gouvènè pou Afè LGBTQ+ la ap aksepte demann pou pwopozisyon atelye pou Konvansyon LGBTQIA+ 2026 la kounye a, ki pral fèt madi 15 septanm 2026 nan Albany, Nouyòk, nan Empire State Plaza Concourse. Evènman anyèl sa a, ki antre nan senkyèm ane li, rasanble moun ki pran desizyon ak ofisyèl gouvènman soti nan tout ajans eta yo pou tande dirèkteman defansè yo sou bezwen ki pi ijan kominote LGBTQ+ nan eta nou an ap fè fas, epi pou yo aprann sou pwopozisyon efò Eta Nouyò ta ka deplwaye pou reponn ak bezwen sa yo.

Moniman Eta sa yo pral limen ak divès koulè drapo Fyète a aswè a, demen, ak 30 jen an:

**Dimanch 28 jen:**

- 1WTC
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) la
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - Pòtay East End nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a

- Sal Tren Moynihan (Moynihan Train Hall)
- Fa Roosevelt Island

**Lendi 29 jen:**
- 1WTC
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) la
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - Pòtay East End nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Sal Tren Moynihan (Moynihan Train Hall)
- Fa Roosevelt Island

**Madi 30 jen:**
- 1WTC
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Niagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) la
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - Pòtay East End nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Sal Tren Moynihan (Moynihan Train Hall)
- Fa Roosevelt Island

**Komisè Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk la, Denise M. Miranda, Esq., te deklare,**
"Pandan Mwa Fyète a, nou selebre fòs, lajwa, ak rezistans Nouyòkè LGBTQ+ yo. Aksyon Gouvènè Hochul jodi a souliye angajman san fay Eta Nouyòk la anvè egalite ak sekirite pou tout moun. Nan Divizyon Dwa Moun, nou pral kontinye itilize tout zouti ki disponib pou anpeche diskriminasyon epi asire ke chak Nouyòkè trete avèk diyite ak respè yo merite."

**Senatè Eta Erik Bottcher, te deklare,** "Se toujou yon privilèj enkwayab pou selebre Fyète ak plizyè santèn milye Nouyòkè k ap mache nan lari nou yo pou selebre lanmou ak otantisite. Mwen santi m patikilyèman onore pou reprezante distri kote Stonewall Inn nan ye a — kote mouvman dwa sivil LGBTQ+ modèn nan te fèt. Stonewall Inn nan sèvi kòm yon rapèl chak jou ke pwogrè pa janm garanti e ke chak jenerasyon gen responsablite pou defann li. Fyète se alafwa yon selebrasyon pou wout nou pakouri ak yon apèl pou nou aji. Nan yon moman kote jèn transeksyèl yo ak kominote LGBTQ+ yo ap fè fas ak atak san rete atravè peyi a, Nouyòk dwe kontinye dirije avèk kouraj ak konpasyon. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul paske l te konfime angajman sa a atravè nouvo envestisman nan sèvis sante mantal pou jèn LGBTQ+ yo, sipò elaji pou Nouyòkè transeksyèl ak moun ki pa binè yo, ak pwoteksyon legal ki pi solid pou kominote nou an. Ansanm, n ap voye yon mesaj klè: Nouyòk se yon kote tout moun fè pati li, e nou p ap janm sispann goumen pou egalite."

**Manm Asanble Deborah Glick te deklare,** "Gouvènè Hochul te toujou yon sipòtè kominote LGBTQ+ la. Gouvènè a te goumen kont demonizasyon ki soti nan pati Repibliken an ki te anbrase eleman ki pi ekstrEMIS nan politik dwat la. Gouvènè Hochul kontinye demontre ke Eta Nouyòk se pou tout Nouyòkè kèlkeswa moun yo renmen, oswa idantite sèks yo, mwen fyè pou m kanpe avèk lui."

**Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare,** "Mwa Fyète a se yon okazyon pou nou selebre dwa pou moun viv san kache, an piblik, ak nan libète total, pandan y ap eksprime tèt yo toutbon, san diskriminasyon, san opresyon, epi san jijman. Antanke kote mouvman dwa LGBTQ+ la te pran nesans e kote Moniman Stonewall la ye a, Nouyòk gen yon bon repitasyon non sèlman nan defann dwa moun men tou nan fè yo avanse. Malgre atak kont kominote LGBTQ+ nou an ki soti nan lòt eta ak nan nivo federal la, sitou kont frè ak sè trans nou yo, frè ak sè ki pa konfòm ak sèks yo e ki pa binè, Nouyòk ap toujou goumen pou dwa moun pou tout moun. Nou te ranpòte anpil viktwa ane sa a pou pèmèt moun viv yon fason otantik e ouvètman - tankou Lwa Shield 2.0, finansman pou liy dirèk kriz pou jèn LGBTQ+ ak fòmasyon pou konseye kriz 988 yo, e sitou, nou te asire ke Nouyòkè TGNCNB yo gen resous ak sipò pou yo viv an sekirite e libman. Gen plis travay ki rete pou fèt toujou, e ansanm, nou pral kontinye batay la pou ogmante ekite, opòtinite ak jistis pou tout moun."

**Manm Asanble Jessica Gonzalez-Rojas te deklare,** "Nan yon moman kote kominote LGBTQIA+ yo, sitou moun transeksyèl, moun ki pa binè, ak moun ki pa konfòme ak sèks yo, ap fè fas ak atak san rete ki soti nan men gouvènman federal la, Nouyòk ap voye yon mesaj klè: ou fè pati isit la, epi n ap goumen pou ou. Envestisman sa yo plis pase liy bidjetè, yo se yon liy sovtaj. Lè nou retabli sèvis kriz espesyalize pou jèn LGBTQ+ yo, kreye yon liy dirèk legal nan tout eta a, epi elaji Fon Byennèt ak Ekite pou Moun Transeksyèl ak Moun ki Pa Binè Lorena Borjas la, n ap asire kominote nou yo gen sipò, pwoteksyon, ak diyite yo merite. Mwen apresye angajman Gouvènè Hochul pou avanse envestisman enpòtan sa yo, epi pou rekonèt ke sekirite, sante, ak limanite nou pa nan diskisyon. N ap kontinye travay ansanm pou nou asire chak Moun Nouyòk

ki nan kominote LGBTQIA+ la ka viv san kache, an sekirite, ak tout resous yo bezwen pou yo pwospere."

**Manm Asanble Tony Simone te deklare,** "Kominote LGBTQ+ la anba atak atravè peyi a. Se devwa nou antanke Nouyòkè ak Ameriken pou nou fè plis pase sa nou dwe pou nou vin yon refij kote tout moun ka lib anba pèsekisyon, gen aksè a swen sante, epi yo ka peye pou yo viv. Se pou sa n ap mache e nou p ap janm sispann goumen pou sa."

Antanke kote mouvman dwa LGBTQ+ modèn lan te pran nesans, Eta Nouyòk lanse yon envitasyon pandan tout ane a bay vwayajè LGBTQ+ yo atravè Divizyon Touris Eta Nouyòk (New York State Division of Tourism) la nan Empire State Development. Inisyativ I LOVE NY LGBTQ+ la, ki te kreye an 2012, fè pwomosyon evènman ak destinasyon atravè tout Eta Nouyòk, epi li sèvi kòm baz pou vwayaj sezon sa a ak yon kalandriye ki gen plis pase 100 selebrasyon Fyète atravè eta a. Gen plis enfòmasyon, tankou gid vwayaj ak blòg, ki disponib nan iloveny.com/lgbtq.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU